

Sesyon siplemantè sou pouvwa, vyolans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA

KOURIKOULÒM KORE TIFI

Etap Chanjman pou elèv: Faz 4 (Aksyon)



G i d p o u p w o f e s è

S Y A N S S O S Y A L

3zyèm ak 4yèm ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo)



REPANSE POUWVA

An nou balanse pouwva ant fi ak gason



BEYOND BORDERS





Repanse Pouvwa ekri dokiman sa a, avèk kolaborasyon Institution Mixte Père Louis-Farnèse LOUIS-CHARLES, Kap Wouj.

Remèsiman espesyal pou Pwofesè Syans Sosyal Dieumerite François, Jean Baptiste Gabner, ak Rony Antoine, epi Ekip Repanse Pouvwa ki te kreye ak adapte sesyon yo. Mèsi pou Jean Judson Joseph, pou kontribisyon li nan faz final dokiman sa a.

SESYON POU
3ZYÈM AK 4YÈM ANE
NOUVO SEGONDÈ
(RETO AK FILO)
SYANS SOSYAL

Dokiman syans sosyal sa a pran an kont kourikoulòm syans sosyal Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP). Tèm yo suiv finalite Ministè Edikasyon Nasyonal ki genyen yon pati nan youn nan finalite yo ki di konsa: "*L'éducation haïtienne a pour mission de développer la conscience nationale, le sens des responsabilités et l'esprit communautaire par l'intégration dans son contenu des données de la réalité haïtienne*".¹

Dokiman sa a ap pèmèt nou ede elèv yo mete pouvwa pa yo ak pouvwa lòt moun pou yo kapab pase alaksyon kont abi, san yo pa kouri risk. An gwo li ap pèmèt elèv yo pran plas yo nan kominote yo, jwe wòl aktivis pou chanjman sosyal. Tablo pi ba a prezante tèm ki trete yo, sesyon ak dire yo, dokiman referans.

Referans nan kourikoulòm leta pou sesyon pi ba yo:

3ème année Nouveau Secondaire. La crise révolutionnaire. Analyser le concept crise en référence à la période révolutionnaire, page 2.²

4ème année Nouveau Secondaire. Présenter les éléments fondamentaux constituant les bases du déclin et le renversement du régime duvaliérian, page 13.³

TÈM	SESYON, LÈ AK PAJ	REFERANS NAN KOURIKOULÒM /LIV
Pouvwa temwen	Kijan pou ou aji si ou wè oswa sisipèk yon zak vyo lans ⁴ (45 minit) paj 4	<p><i>Kourikoulòm leta:</i> "Apprécier les causes diverses et les formes de manifestation de l'occupation américaine. Les cause immédiates de l'intervention américaine (Le massacre des prisonniers politiques ao pénitencier national—Attaque du palais présidentiel par les reévolutionnaires—Assassinat du président Vilbrun Guillaume Sam"², paj 6.</p> <p><i>Liv:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> * Emmanuel Wesner. (n.d.). <i>La période révolutionnaire à Saint-Domingue et en France (1789-1804). Classes de Seconde et de Rhéto</i>. Tèm: La révolution de Saint-Domingue, leçon 5, nan fen chapit la, paj 25. * Carltz Docteur. <i>Tout savoir sur le bac en sciences sociales (philo, A, C, D)</i>. Les éditions Camilo. Tèm: La révolution haïtienne, paj 25 nan fen paj la.

TÈM	SESYON, LÈ AK PAJ	REFERANS NAN KOURIKOULÒM /LIV
Pledwaye	Yon tèm mwen gen kè pou li ⁵ (45 minit) paj 9	<p><i>Kourikoulòm leta:</i> "Analyser la période de bouleversement d'Haïti (1888 - 1915) en insistant sur ses différentes formes de manifestation à travers les gouvernements. Le mouvement des paysans—Les Cacos—Les revendications des paysans du Nord (luttes pour l'acquisition des titres de propriété)",² paj 2.</p> <p><i>Liv:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> * Emmanuel Wesner. (n.d.). <i>La période révolutionnaire à Saint-Domingue et en France (1789-1804)</i>. Classes de Seconde et de Rhéto. Tèm: La fin du régime louverture, nan fen chapit VII, paj 168. * Carltz Docteur. <i>Tout savoir sur le bac en sciences sociales (philo, A, C, D)</i>. Les éditions Camilo. Tèm: La révolution haïtienne, paj 90 nan fen chapit la.
Aktivis	Divès apwòch nan travay aktivis ⁶ (30 minit) paj 14	<p><i>Kourikoulòm leta:</i> "Analyser les divers mouvements d'opposition et de résistance nationale face à l'occupation. Les mouvements de désoccupation (La lutte journalistique – La lutte armée – Le mouvement de revendication et de libération nationale entamée par les cacos—La résistance de Charlemagne Peralte—Les partisans de Peralte—La résistance de Batraville,"² paj 6 ak 7.</p> <p><i>Liv:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> * Carltz Docteur. <i>Tout savoir sur le bac en sciences sociales (philo, A, C, D)</i>. Les éditions Camilo. Tèm: L'indépendance des pays de l'Amérique latine au 19e siècle, paj 99.
Aktivis (NB: Sesyon fèt nan 2jou)	Pwojè sèvis anndan kominote a (10 minit / 45 min) paj 18	<p><i>Liv:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> * Carltz Docteur. <i>Tout savoir sur le bac en sciences sociales (philo, A, C, D)</i>. Les éditions Camilo. Tèm: Le tiers monde, apre definisyon an, paj 124.

NB: Pou divès rezon, pa genyen anpil lekòl ki suiv Nouvo Pwogram Ministè a pou 3yèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè. Tranbleman tè 12 Janvye 2010 la kapab youn nan rezon ki te ralanti pwodiksyon liv ki konfòm ak Pwogram nan. Pa kont, genyen kèk lekòl ki suiv Nouvo Pwogram nan. Genyen ki sèvi avèk dokiman lekòl sa yo oubyen pwofesè nan lekòl sa yo pwodui. Se pa dokiman ki sou mache a. Genyen yon liv ki te sou mache a pou 3yèm Ane, men estòk la te epuize e Pwofesè nou te travay avèk yo ak lekòl nou te kontakte pa te sèvi avèk liv sa a.

Se sa ki esplike referans nan Kourikoulòm Leta ak liv pa menm. Nou swete nouvo liv ki an preparasyon pral suiv Pwogram Ministè a e yo ap ofri posibilité pou elèv yo fè analiz Pwogram Ministè a pwopoze, espesyalman sou pwen referans nou chwazi yo.

Tèm : Pouvwa Temwen

Kijan pou ou aji si ou wè oswa sisipèk yon zak vyolans⁴ (45 minit)

Objektif:

- Elèv yo fè pratik sou fason yo kapab byen sèvi ak pouvwa yo pou yo bay sipò lè yo wè oswa sisipèk yon zak vyolans.

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Fè fotokopi 4 sèn pou gwoup yo fè pyès teyat sou yo, epi koupe yo pou chak gwoup ka jwenn yon sèn.
- Ekri sou tablo a: "Kesyon pou teyat Pouvwa Temwen":
 - Èske temwen yo te byen sèvi ak pouvwa yo pou yo jere sitiyasyon an? Si wi, poukisa? Si non, poukisa?
 - Èske temwen yo te tande sa moun ki te sibi zak vyolans la te vle, epi te asire moun ki sibi zak la te kontinye gen pouvwa nan tout demach pou rezoud sitiyasyon an?
 - Èske temwen yo te rezoud pwoblèm nan? Èske ou panse agresè a pral chanje konpòtman li? Èske moun ki t ap sibi vyolans la te jwenn sipò li te bezwen?
 - Ki lòt lide ou ka bay temwen an pou yon pwochèn fwa?

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "Anvan ak nan koumansman revolisyon ayisyen an, gen moun ki te oblige pale youn ak lòt pou konvenk lòt yo pou yo fè revolisyon an. Si yo te rete bra kwaze devan enjistis, revolisyon an pa ta fèt. Jounen jodi a, gen moun, nan menm lide zansèt nou yo, ki ap pale pou dwa tout moun respekte, e ki ap eseye konvenk moun pou yo respekte dwa lòt moun. Jwèt sa a se pou nou aprann pi byen fason pou nou pa rete bra kwaze devan enjistis, men pito pou nou pase alaksyon."

Egzèsis:

1) Esplike:

- "Nan kou sa a, nou pral gade pouvwa nou kòm moun ki temwen kèk sityasyon vyolans, epi fè pyès teyat sou kijan nou wè nou ka mete men nou nan pa t la lè nou wè oubyen tande vyolans, san nou pa mete tèt nou an danje."
- "Yon temwen se yon moun ki asiste oswa tande yon zak vyolans, men li pa ni agresè a ni sivivan zak vyolans lan."



2) Mande: "Ki pouvwa yon temwen genyen?"

- 3) Ekri repons yo sou tablo a, tankou: li kapab pale, rele lapolis oswa lòt moun pou vin ede kanpe zak vyolans lan, elatriye.
- 4) Esplike: "Li enpòtan anpil pou yon temwen aji, paske si li pa fè sa, ni agresè a ni moun ki sibi zak la kapab panse li dakò ak sa k ap fèt la. Men li enpòtan tou pou temwen an aji yon fason ki pa mete l an danje, men ki bese oswa kanpe zak vyolans la. Temwen an pa dwe fasilité zak la agrave."

5) Nou konnen nou chak genyen sajès ak ladrès pou nou fè sa. N ap divize an 4 gwoup, epi chak gwoup pral resevwa yon ka e chak gwoup pral prezante yon pyès teyat sou fason yon temwen kapab sèvi ak pouvwa li devan yon zak konsa.

6) Divize elèv yo an 4 gwoup.

7) Esplike:

■ "Chak gwoup pral resevwa yon ka ki ta kapab rive anndan lekòl la. Gwoup la ap kreye yon ti pyès teyat ki dire 3 minit sèlman pou prezante devan tout klas la."

■ "Pyès teyat sa a pral montre kijan yon moun ta bay sipò si yon sitiyasyon konsa ta rive anndan lekòl la. Chak gwoup genyen 10 minit sèlman pou li prepare li."

■ "Nou ta renmen tout moun parèt anndan sèn nan. Ankò, se 10 minit pou prepare ak 3 minit pou prezante."

8) Bay chak gwoup ka pa yo, asire pa gen kesyon/ pwoblèm epi fè tout gwoup kòmanse travay.

9) Apre 10 minit, rele gwoup yo tounen.

10) Esplike: "Apre tout gwoup fin prezante, nou pral gade ansanm kesyon pou pyès teyat Pouvwa Temwen. Pandan w ap gade sèn lòt gwoup yo, reflechi sou kèk kesyon.

11) Mete kesyon yo devan tout moun epi li yo ansanm.

a. "Èske temwen yo te byen sèvi ak pouvwayo pouyo jere sitiyasyon an? Si wi, poukisa? Si non, poukisa?"

b. "Èske temwen yo te tande sa moun ki te sibi zak vyolans la te vle, epi te asire moun ki sibi zak la te kontinye gen pouvwa nan tout demach pou rezoud sitiyasyon an?"

c. "Èske temwen yo te rezoud pwoblèm nan? Èske ou panse agresè a pral chanje konpòtman li? Èske moun ki t ap sibi zak vyolans la te jwenn sipò li te bezwen?"

d. "Ki lòt lide ou ka bay temwen an pou yon pwochén fwa?"

12) Fè gwoup yo prezante epi fè brase lide nan tan ki rete sou kesyon yo.

NB: Pou sèn 3 - ka kadejak la, asire temwen an swa oryante moun ki sibi kadejak la ale nan lopital anvan 3 jou pase, epi refere l bay yon òganizasyon fanm ki kapab akonpanye l sou tout pwosesis la pi vit posib.

13) Remèsyé elèv yo.

14) Rezime sesyon an konsa:

- a. "Lipa fasil pou ou aji lè gen enjistis, men li enpòtan pou nou pale epi aji pou enjistis la pa kontinye."
- b. "Kèk fwa nou pa ka pale nan menm moman an, men nou kapab rete tann yon bon moman, chèche sipò lòt moun, epi aji ansanm pou kanpe zak vyolans la."
- c. "Nou genyen anpil pouvwa kòm temwen pou aji lè nou wè oubyen sispek yon zak vyolans."
- d. Opsyon: Rezime siplemantè: "Li enpòtan pou nou pa rete bra kwaze devan enjistis. Nou kapab aji nan menm fason ak zansèt nou yo ki te trase chemen e koumanse revolisyon an. Se pou nou mete ansanm pou konvenk lòt moun pou yo aji tou, pou jistis kapab tounen yon reyalite nan peyi a. Menm si nou pa fè yon gwo revolisyon, toujou sonje ti patat fè chay."


Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Li enpòtan anpil pou yon temwen aji. Si yon temwen pa aji, agresè a menm jan ak moun ki sibi zak la kapab kwè temwen an dakò ak sa k ap fèt la. Men li enpòtan tou pou temwen an aji yon fason ki pa mete l an danje, men ki bese oswa kanpe zak vyolans la. Temwen an pa dwe fasilité zak la agrave.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Kisa k yon "temwen"? Ki pouvwa li genyen pou li aji?
- Site 2 sitiyasyon ki mande pou yon temwen aji.



Pouvwa Temwen Sèn 1: Relasyon pwofesè ak elèv

Ou aprann gen yon lòt elèv ki nan fè bagay ak yon pwofesè. Ou panse sitiyasyon konsa rive souvan. Ou pa twò vle enplike w, men ou santi ou oblige paske ou wè bagay sa a ka koz lavi elèv la detwi. Fè yon pyès teyat ki dire 3 minit sou fason ou ta entèveni nan sitiyasyon sa a, san ou pa mete tèt ou nan zen ki ka koz ou viktim yon fason oubyen yon lòt.




Pouvwa Temwen Sèn 2: Asèlman seksyèl

Nan yon gwoup elèv, ou wè kèk elèv gason k ap fè blag sou fanm. Y ap di bagay dwòl sou tete fi ak règ fi, epi ou wè yon jèn fi malalèz akòz sa. Fè yon pyès teyat ki dire 3 minit sou fason ou ta entèveni nan sitiyasyon sa a, san ou pa mete tèt ou an danje pou elèv gason yo atake ou.



Pouvwa Temwen Sèn 3: Vyolans seksyèl



Apre yon aktivite lekòl la fè sou vyolans, yon elèv fi vin kote w e li mande ou si li ka pale avè w. Li di w gen yon moun bò lakay li ki fè kadejak sou li avan yè. Ou wè li vreman boulvèse. Fè yon pyès teyat ki dire 3 minit sou fason ou ta entèveni nan sitiyasyon sa a, san ou pa mete tèt ou an danje.



Pouvwa Temwen Sèn 4: Vyolans nan koup

Ou wè Jean, yon elèv nan klas ou ki souvan aji mal ak mennaj li. Li manke respè pou mennaj li a. Li konn di li : ou tou sòt epi ou lèd. Li konn fache lè mennaj la pale ak lòt moun. Yon fwa ou wè li bay jènfi a yon souflèt. Fè yon pyès teyat ki dire 3 minit sou fason ou ta entèveni nan sitiyasyon sa a, san ou pa mete tèt ou an danje.



Tèm: Pledwaye

Yon tèm mwen gen kè pou li⁵ (45 minit)

Objektif:

- Elèv yo idantifye yon tèm yo gen kè pou li.
- Elèv yo reflechi sou motivasyon, baryè ak avantaj pou yo fè chanjman pozitif.

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Ekri sou tablo a lis tèm yo ki pou jistis sosyal, yo nan fen sesyon an apre "Evalyasyon elèv" oubyen fè fotokopi lis la pou elèv yo.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "Si pèp ayisen pa te konnen fason pou yo òganize tèt yo byen, pou yo rezoud pwoblèm, simonte difikilte, revolisyon ki bay endependans la pa t ap fèt. Gendelè se pa endependans n ap chèche, men se yon lwa oubyen menm yon dekrè minisipal pou anonse oubyen kore yon chanjman ki nesesè. Pou ka konsa, nou pa pale sou revolisyon men pito sou pledwaye."

Egzèsis:

1) Esplike:

- "Pledwaye se yon pwosesis pou chanje konpòtman nan yon sosyete, yon sistèm, yon regleman oubyen yon lwa ki genyen konsekans negatif."
- "Nou deja pale sou plizyè tèm ki gen yon enpak sou lavi nou, tankou pouvwa, vyolans sou fanm ak tifi plis VIH/SIDA, ak lòt. Men genyen lòt tèm pou jistis sosyal."
- "Tout zak vyolans se enjistik. Men enjistik sosyal se lè yon gwoup moun ki gen privilej (tankou moun rich, blan, gason elatriye) sèvi ak pouvwa yo sou yon gwoup moun ki pa gen privilej (tankou moun pòv, nwa, fanm elatriye)."

d. "Depi zak enjistis repete souvan ant de gwoup moun sa yo, menm si se yon moun nan gwoup ki gen privilèj la ki fè yon moun nan gwoup ki pa gen privilèj la yon abi, abi sa a se yon enjistis sosyal li ye. Lè nou travay kont enjistis sosyal, nou travay pou jistis sosyal."

2) Mande: "Kiyès ki kapab di yon lòt tèm pou jistis sosyal moun ta dwe fè pledwaye sou li?"



3) Esplike: "Se pa tout tèm ki enterese tout moun. Jodi a, nou chak pral idantifye yon pwoblèm nan sosyete a ki toujou ap boulvèse lespri nou e ki fè nou vle angaje nou pou yon chanjman."

4) Montre elèv yo lis tèm pou jistis sosyal ou te ekri sou tablo a oubyen ou te fè kopi.

5) Mande elèv yo pou yo:

a. Gade lis la, epi chwazi yon tèm ki enterese yo.

b. Ekri tèm ki enterese yo anndan kaye yo. Tèm nan kapab soti nan lis la, oubyen yo kapab ajoute yon lòt tèm.

c. Ekri 1-2 bagay ki fè nou enterese ak tèm nan anndan kaye nou. Sa ki motive ou oubyen enspire ou sou tèm sa a?

6) Asire tout elèv yo konprann se yon aktivite endividyle paske lis chak moun pral depann de li menm. Bay elèv yo 3 al 5 minit pou yo fè sa.

7) Apre 3 al 5 minit la fin pase, kanpe yo epi fè yo vire bò kote yon lòt elèv.

8) Esplike: "Pran yon lòt 5 minit, epi pataje tèm pa w ak lòt elèv la. Esplike l poukisa tèm sa yo enpòtan pou ou, epi poukisa ou vle aprann plis sou yo. Petèt ou genyen yon temwanyaj pou ou bay. Tande pèspektif youn lòt ak respè. Sonje ou pa ka travay byen pou jistis si ou pa kapab tandem lòt moun ak respè."

9) Apre 5 minit, kanpe elèv yo. Fè 2-3 elèv pataje tèm pa yo.

10) Esplike: "Kèk moun angaje yo e yo fè gwo kanpay pou chanje lemonn."





11) Mande: "Ki egzanp nou kapab bay sou yon chanjman moun te reyalize paske yo te fè kanpay oubyen lòt pledwaye?" (Egzanp: mouvman pou mete lalwa kont vyolans seksyèl nan 2005, lwa oktòb 1982 sou fanm marye ki te bay fanm plis dwa pou administre pwòp byen pa yo, elatriye.)


12) Esplike: "Pledwaye souvan pale sou gwo chanjman, men tou yon ti efò kapab mennen gwo chanjman. Ti patat fè chay."

13) Mande:

- a. "Ki moun ou konnen ki fè yon chanjman pozitif nan kominote a, menm si chanjman an pa te gwo?"
- b. "Ki baryè yon moun ka jwenn oubyen ki kalite risk yon moun konn pran lè li fè pledwaye oubyen fè yon aksyon pou jistis sosyal?" (Egzanp: Lòt moun kont li, mwens tan pou etidye, dekourajman si li pa reyalize sa li vle fè, danje, elatriye)
- c. "Kijan nou kapab fè fas kare ak baryè ak risk sa yo?"
- d. "Ki avantaj yon moun kapab jwenn lè li fè pledwaye oubyen fè yon aksyon pou jistis sosyal?" (Egzanp: Ede lòt moun, tout moun viv pi byen, fè lòt zanmi, konstwi kapasite pou ekri oubyen pale, lòt moun pran ou kòm modèl, elatriye)

14) Remèsyé elèv yo pou patisipasyon yo, epi rezime sesyon an konsa:

- a. "Jan nou te di, pledwaye se yon pwosesis pou chanje konpòtman nan yon sosyete, yon sistèm, yon regleman oubyen yon lwa ki genyen konsekans negatif."
- b. "Pledwaye se yon fason moun travay pou jistis sosyal."
- c. "Nou chak te idantifye omwen yon tèm ki enspire nou travay sou li, konnen poukisa tèm nan enspire nou, wè ki baryè ak avantaj nou te ka jwenn lè nou travay sou li."
- d. "Tout etap sa yo enpòtan pou nou pase alaksyon."
- e. "Kounye a tèm pa w la se nan men w li ye. Se pou ou gade fason w ap angaje ak li pou eseye pote chanjman sou li. Pa dekouraje. Li kapab pran tan, men si ou pèsiste epi chèche lòt moun ki gen menm tèm nan, nou ka fè chanjman n ap chèche a."
- f. Opsyon: Rezime siplemantè: "Kote ki genyen plis jistis sosyal, popilasyon yo te fè anpil pledwaye e yo te mete sou pye divès estrateji pou yo kapab fè presyon pou yo jwenn sa ki pi bon pou jenerasyon ki vini apre. Li enpòtan pou nou sonje nou pa twò diferan ak popilasyon sa yo, donk nou kapab aprann apati eksperyans pa yo. Eksperyans yo kapab pozitif, eksperyans yo ka pa bay bon rezulta. Nou kapab aprann ni apati eksperyans ki pozitif ni apati eksperyans ki pa bay bon rezulta."



Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Pledwaye se yon pwosesis pou chanje konpòtman nan yon sisyete, yon sistèm, yon regleman oubyen yon lwa ki genyen konsekans negatif. Chak moun kapab chwazi travay sou tèm ki enspire li lè li ap pase alaksyon.

Evalyasyon elèv:


Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Kisa mo "pledwaye" vle di?
- Ekri yon paragrapf pou ou esplike ki tèm jistis sosyal ki pi enspire w epi poukisa.



Tèm jistis sosyal

- Liv nou yo ranfose wòl fi ak wòl gason nan yon sans negatif.
- Gen twòp asèlman ak bourad nan lekòl la.
- Tifi yo manke enfòmasyon sou lajan ak jesyon finans ki pou itil yo sitou lè yo gran.
- Pa gen ase espas kote tifi yo santi yo alèz e yo pa an danje.
- Ti gason yo manke opòtinite pou yo aprann anpil bagay ki pou ede yo vin bon papa lè yo vin gran.
- Vyolans sou fanm ak tifi rive twò souvan.
- Tifi ak ti gason pa gen menm opòtinite pou ale lekòl ak pou etidye si yo lekòl.
- Tifi ki ansent pa ka kontinye ale lekòl, sa se enjistis yo fè tifi yo.
- Paran yo pa leve tifi ak ti gason sou menm pye degalite, sa vle di pou yo egal-ego.
- Jèn yo pa konnen ase sou VIH/SIDA.
- Li difisil pou jèn yo anpeche VIH/SIDA.
- Anpil fanm mouri nan fè pitit.
- Anpil tifi nan relasyon ak gason ki twò gran pou yo.
- Anpil timoun pa konn negosye nan avantaj yo pou anpeche lòt moun eksplwate yo.
- Moun ki genyen VIH/SIDA pa jwenn respè nan men lòt moun, sa se enjistis.
- Biznis ki sèvi ak kò fi pou fè piblisite oubyen vann pwodwi yo.
- Lòt tèm:



Tèm: Aktivis

Divès apwòch nan travay aktivis⁶


(30 minit)

Objektif:

- Fè diferans ant travay aktivis ki efikas, travay aktivis ki pa efikas, ak travay aktivis ki fè moun ditò.

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Divize tablo a an twa (3) pati. Men ki tit pou w make sou yo chak:
 - Travay aktivis ki fè moun ditò
 - Travay aktivis ki pa efikas
 - Travay aktivis ki efikas




Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "Lè yon pèp ap panse ak endepandans, pèp la wè li enpòtan pou li òganize li pou li travay pou pwòp enterè pa li. Apre endepandans, li enpòtan pou yon pèp kontinye òganize li yon fason ki efikas, pou dwa moun kapab respekte, pou peyi a kapab avanse."

Egzèsis:

1) Esplike:

- "Yon aktivis se yon moun ki santi l boulvèse anpil akòz yon pwoblèm sosyal. Li konprann pwoblèm nan, li analize l e li wè li oblige fè kichòye pou rezoud pwoblèm sa a, menm si li pa nan gwooup moun ki ap sibi konsekans dirèk pwoblèm nan."
- "Yon aktivis se yon moun ki 'aktif', yon moun ki kanpe sou 2 pye militè li pou kreye chanjman."



- c. "Jeneralman moun pa touche lajan pou travay aktivis yo fè. Men se yon travay ki enpòtan anpil. Aktivis se lè moun sèvi ak pouvwa yo pou pote chanjman ki bon pou lòt moun ak kominote yo."
- d. "Egzèsis nou pral fè la a pral ede nou reflechi plis sou kijan pou nou chak tounen bon jan aktivis ki efikas lè nou jwenn tèm jistis sosyal ki enterese nou."
- e. "Mwen pral li kèk ti istwa ki prezante diferan apwòch travay aktivis. Genyen nan yo ki efikas, genyen ki pa efikas, epi genyen ki fè moun ditò. Tanpri, fèmen je nou, epi imajine sa m ap dekri a."

2) Kou je elèv yo fèmen, li egzanp yo pou yo kapab imajine istwa yo nan tèt yo:

"Imajine premye istwa sa a. Yon nèg genyen yon lo afich nan men li ki ekri 'Sispenn fè vyalans sou fanm!' L ap mache nan tout lari, li rele fò kont gason ki fè vyalans sou madanm yo, oswa mennaj yo, epi l ap kole afich yo tout kote. Li parèt kay yon gason li konnen ki abitye bat madanm li. Li frape nan pòt la, epi nan fenèt kay la. Li rele 'Sispenn maspinay la. Avè w m ap pale, wi!' Li kole yon afich sou pòt kay la; afich la ekri 'Gason k ap bat fanm: plas ou pa la, soti nan kay la'"

(Fè yon bon ti pòz an silans)

"Imajine yon 2zyèm istwa. Yon fi ak yon gason ap pote yon lo afich ki make: 'An nou bare wout vyalans sou fanm! An nou bare wout VIH/SIDA!' Anpil moun konn wè mesaj sa a déjà. Imaj ki sou afich la ap fè pwomosyon pou plizyè bagay diferan alafwa. Yo kole afich yo sou mi, lwen lari a, epi lwen kote moun konn pase. Anpil moun ap mache nan lari a, sa ki pral lavil, sa ki pral nan mache, sa ki pral lekòl, ak sa ki pral travay. Men prèske pa gen moun ki remake afich yo. Pafwa, gen moun ki voye yon ti koutje sou yo, men yo pa janm kanpe pou yo li sa k make nan afich yo.'

(Fè yon bon ti pòz an silans)

"Imajine yon 3zyèm istwa. Gen yon gwo festival k ap fèt nan zòn nan. Genyen yon ti podyòm tou senp, epi gen anpil moun ki kanpe toutotou podyòm nan, y ap koute ak atansyon. 2 manm kominote a chita sou podyòm nan, yon fi ak yon gason. Tout moun konnen yo, epi tout moun konnen yo gen VIH/SIDA. Pou pèmèt moun vin pi okouran sou koze VIH/SIDA a, y ap rakonte istwa pa yo sou kijan yo trape viris la, sa yo aprann nan sitiyasyon an, epi ankourajman ak sipò yo jwenn pandan yo nan sitiyasyon sa a. Gen moun k ap pale anba anba, epi gen sa k ap pase 2 moun yo nan rizib, paske yo sezi tandé yon moun ta fè yon bagay konsa. Genyen lòt ankò ki montre yo sezi tandé pawòl sa yo. Men espas la chaje moun, malgré genyen lòt aktivite enteresan, ak mizik nan festival la."

(Fè yon bon ti pòz an silans)

3) Di elèv yo, yo mèt louvri je yo.



4) Mande elèv yo: "Premye istwa a, se te kote yon gason t ap mache toupatou ap denonse, epi fawouche gason ki fè vyolans sou fanm. Ki apwòch travay aktivis sa ye? Èske li efikas, èske li pa efikas, oswa èske li fè moun ditò? Poukisa?"

5) Make lide elèv yo sou tablo a nan pati ki gen tit "Travay aktivis ki fè moun ditò".

(Egzanp: agresif, pale lèd, pa respekte byen lòt moun akòz li te kole yon afich sou pòt kay la, bay moun non, elatriye.)

6) Mande elèv yo: "E 2zyèm ti istwa a, kote 2 aktivis t ap kole afich sou mi kote moun prèske pa wè yo, ki apwòch travay aktivis sa ye? Poukisa?"

7) Make lide elèv yo sou tablo a nan pati ki gen tit "Travay aktivis ki pa efikas".


(Egzanp: mesaj moun abitye tandem deja, move pozisyon, imaj yo pa atiran, elatriye.)

8) Mande elèv yo: "E 3zyèm ti istwa a, kote 2 mesye-dam ki genyen VIH/SIDA t ap rakonte koze yo an piblik, ki apwòch travay aktivis sa ye? Poukisa?"

9) Make lide elèv yo sou tablo a nan pati ki gen tit "Travay aktivis efikas".

(Egzanp: li pa gen twòp danje, bon pozisyon nèt, mesaj pèsònèl ki touche moun, bon verite san wete san mete ansanm ak yon mesaj espwa, bon egzanp ki montre moun kapab sèvi ak pwòp pouvwa pa yo pou yo pase alaksyon, elatriye.)

10) Mande: "Ki travay aktivis efikas ou wè ou kapab fè ki pou pote chanjman sou yon pwoblèm sosyal ki pa rete ou byen ditou? Bay yon ti esplikasyon sou li."

- 
- 11) Pran egzanp 2-3 elèv bay.
 - 12) Asire egzanp yo bay yo apropiye pou tèm nan, epi yo bon egzanp travay aktivis efikas.
 - 13) Fè rezime egzèsis la, epi apiye sou pwen sa yo:
 - a. "Travay aktivis, se lè ou sèvi ak pouvwa w pou pote bon chanjman pozitif."
 - b. "Aktivis ki efikas nan travay yo sèvi ak metòd orijinal anpil moun pa sèvi. Metòd sa yo pèmèt moun reflechi a fon san okenn vyolans emosyonèl oubyen fizik."
 - c. "Yon travay aktivis efikas pèmèt moun santi yo alèz pou yo kapab angaje tèt yo nan kominote a, pandan l ap kontinye pouse moun yo, pou yo kapab vin pi ouvè nan konesans ak kwayans yo."
 - d. "Yon travay aktivis efikas, se pi gwo fason ou kapab sèvi ak pouvwa w pou w pa rete 2 bra kwaze, epi pase alaksyon."

14) Felisite elèv yo, epi remèsyé yo pou patisipasyon yo.

15) Opsyon: Rezime siplemantè: "Lè nou reyisi fè travay aktivis ki efikas, sa fè nou pi byen konprann lòt mouvman sosyal nan mond la ak sa ki te egziste anvan. Menm si nou santi sa nou kapab fè piti anpil parapò ak sa yon mouvman sosyal reyalize, men sa ede nou pi byen konprann pwosesis ki fè gwo chanjman sosyal fèt nan yon soyete tankou, endependans yon peyi oubyen lòt. Tout bon aksyon, piti kou l ye, konte."

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Yon aktivis se yon moun ki santi l boulvèse anpil akòz yon pwoblèm sosyal. Travay aktivis ki efikas pèmèt moun santi yo alèz pou yo angaje tèt yo nan kominote yo. E li ankouraje moun kontinye chèche konprann plis pou ogmante konesans epi chanje kwayans yo lè sa nesesè.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Kisa mo "aktivis" vle di?
- Site 3 eleman ki ta sipoze preznan yon apwòch aktivis ki efikas. (NB: Reflechi sou lis klas la te fè ansanm pandan aktivite a.)

Tèm: Aktivis

Pwojè sèvis anndan kominote a

(10 minit pou bay devwa a yon jou, ak 45 min pou prezante aprantisaj yo yon lòt jou)

Objektif:

- Elèv yo fè praktik nan travay pou jistis sosyal.
- Elèv yo fè koneksyon ak lòt enstans kominotè (si posib).

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:


Anvan sesyon 10 minit pou bay devwa a:

NB: Preparasyon sa oblige fèt byen anvan jou pwofesè a fè kou an.

- Anvan sesyon an, pwofesè a kapab eseye jwenn òganizasyon oubyen gwoup ki déjà travay sou kèk nan tèm pledwaye ki te enterese elèv yo. Pwofesè a kapab kapab ede elèv yo konekte ak moun ki ap travay sou tèm jistis sosyal ki enspire yo. Mande reprezantan yo si elèv yo kapab vizite yo, epi ede yo yon fason oubyen yon lòt, menm si se pou 1nèdtan oubyen 1 jounen. Mete enfòmasyon sou kontak ki posib yo sou yon lis sou tablo a pou elèv yo.
- Si lòt enstitisyon oubyen gwoupman pa disponib, pwofesè a kapab fè elèv yo chwazi yon tèm jistis sosyal ki gen rapò ak fason pou ekilibre pouvwa ant fi ak gason anndan lekòl la, epi envite yo prezante I devan direksyon lekòl la. (Pa egzanp, ekri yon kòd kondwit pou entèdi pèsonèl lekòl la gen relasyon seksyèl ak elèv yo, oubyen mete yon rankont pou pale ak paran yo sou tèm enpòtan nan leve pitit yo, tankou pa sèvi ak vyolans, elatriye.)
- Ekri kesyon pou devwa sou tablo a: Ki aksyon m te fè? Kijan li te ede kominote a vin pi jis epi pi bon pou fi ak gason? Kisa m te aprann nan eksperians lan?

Anvan sesyon 45 min pou prezante aprantisaj yo:

- Ekri kesyon pou devwa sou tablo a: Ki aksyon nou te fè? Kijan li te ede kominote a vin pi jis epi pi bon pou fi ak gason? Kisa nou te aprann nan eksperians lan?



Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : "Ayiti tonbe nan lis peyi tyè mond akoz sitiyasyon li ak pwoblèm ekonomik yo. Ayiti gen pwoblèm grangou, vyolans sou fanm ak tifi, pwoblèm nan sante, edikasyon ak lòt. Pou sa chanje, fòk nou kapab sèvi ak pouvwa nou pou nou pase alaksyon."

Egzèsis:

Jou 1: Devwa / Lansman angajman (10 minit)

1) Esplike:

- a. "Akoz li enpòtan anpil pou moun angaje nan kominote yo, n ap bay yon devwa pou tout elèv sèvi ak yon tèm ki enterese yo pou yo angaje nan kominote yo."
 - b. "Nou kapab 1. pase yon ti tan ak yon òganizasyon oubyen gwoupman ki vle aksepte nou pou anviwon 2zèdtan apre lekòl oubyen yon jounen lè wikenn, oubyen 2. Chwazi yon pwojè anndan lekòl la pou fè lekòl la yon pi bon espas pou tout moun, epi prezante lide a devan direksyon lekòl la antanke klas."
 - c. "Li enpòtan pou tout moun angaje epi fè pati yon gwoup kèlkonk, pou nou fè eksperyans pase alaksyon pou pou jistis sosyal."
- 2) Fè chak elèv site tèm sosyal li ta renmen travay sou li, pou tout moun tandem, epi fè yon lis sou tablo a, ak non elèv yo. Si gen 2 elèv ki site menm tèm, mete non tou 2 bò kote tèm nan.
- 3) Remèsyé elèv yo pou angajman yo.
- 4) Bay devwa a konsa:

Si OU TE JWENN POSIBILITE NAN ÒGANIZASYON:

- Prezante opòtinite yo, si genyen, epi fè elèv yo chwazi opòtinite ki pi sanble ak tèm ki enterese yo.
- Ekri lis non elèv ki enterese ak chak opòtinite, epi ede yo fè kontak ki nesesè yo pou fikse dat, eklèsi sa yo pral fè, elatriye.

Si OU PA TE JWENN LÒT POSIBILITE APA LEKÒL LA:

- Brase lide avèk elèv yo sou yon pwojè ki baze sou tèm ki enterese yo pou amelyore lekòl la e yo kapab prezante bay direksyon an. Epi ede yo fè swivi pou fè pwojè a avanse. Mete dat pou yo fè aksyon.

- 5) Esplike: "Chak moun, apre yo patisipe nan aksyon an, pral fè yon ti prezantasyon pou reponn kesyon sa yo: Ki aksyon m te fè? Kijan li te ede kominote a vin pi jis epi pi bon pou fi ak gason? Kisa m te aprann nan eksperyans lan?"
- 6) Asire elèv yo konprann devwa a, epi asire tout bagay kòrèk pou chak moun patisipe nan yon aksyon. Ba yo dat pou yo prezante devwa yo, chwazi dat ki ase lwen pou tout elèv yo gen tan fè aksyon yo anvan dat la.

Yon lòt jou: Prezantasyon aksyon ak aprantisaj yo (30 minit)

1) Raple elèv yo li enpòtan pou sitwayen yon peyi angaje pou fè jistis sosyal tabli nan peyi a.

2) Esplike: "Nou p ap fè chak elèv kanpe pou yo pale sou eksperyans pa yo nan pase alaksyon pou jistis sosyal, men pito n ap fè yon brase lide ak tout klas la, epi tout moun kapab pataje eksperyans yo ansanm."

3) Mande:

a. "Ki aksyon nou te fè?"

b. "Kijan li te ede kominote a vin pi jis epi pi bon pou fi ak gason?"

c. "Kisa nou te aprann nan eksperyans la?" (NB: Asire yo pale sou sa yo te renmen epi sa yo pa te renmen tou.)

4) Mande si gen moun ki ap chwazi yon tèm jistis sosyal pou yo kontinye pase alaksyon toujou, epi mande elèv ki di wi bay yon ti esplikasyon sou tèm nan.

5) Remèsyé elèv yo pou patisipasyon yo.


6) Rezime eksperyans la konsa:

a. "Genyen anpil pwoblèm jistis sosyal ki mande pou moun mete men."

b. "Eksperyans nou te fè te ede nou aprann sa nou renmen fè ak sa nou pa renmen fè, sa ta ban nou lide sou moun k ap travay sou tèm sa yo nan kominote nou."

c. "Li enpòtan pou nou sonje lit pou chanjman sosyal kapab dire anpil tan, epi mande anpil angajman. Chanjman pa fèt fasil."

d. "Nou swete eksperyans la ede nou pi byen konprann divès fason nou kapab angaje pou ede kominote nou vin pi bon."



- e. Opsyon: Rezime siplément: "Li enpòtan pou nou sonje enfòmasyon nou li sou peyi tyè-mond yo fyab, donk pwoblèm yo reyèl e nou kapab konstate yo nan kominote nou yo. Men menm jan te toujou genyen moun ki te lite pou jistis sosyal, genyen moun jounen jodi a ki pou mete men pou chanje peyi yo."


Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Li enpòtan pou tout moun angaje epi fè pati yon gwooup kèlkonk, pou nou fè eksperyans pase alakson pou jistis sosyal.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Site 1 bagay ou te aprann nan aprantisaj pou ou pase alakson pou jistis sosyal.



Nòt

- 1 Ministère de l'Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP) (2015). *Curriculum de l'école secondaire, programme réorganisé, sciences sociales nouveau secondaire*, Programme Pédagogique Opérationnel, 8 – Sciences Sociales, 1ère Année, paj 5.
- 2 Ministère de l'Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP) (2015). *Curriculum de l'école secondaire, programme réorganisé, sciences sociales nouveau secondaire*, Programme Détailé d'Histoire Nationale et Universelle, Histoire Nationale, Segondaire III.
- 3 Ministère de l'Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP) (2015). *Curriculum de l'école secondaire, programme réorganisé, sciences sociales nouveau secondaire*, Programme Détailé d'Histoire Nationale et Universelle, Géographie - Secondaire IV.
- 4 Yon pati nan sesyon sa a se yon adaptasyon apati materyèl: USAID (2009). *Doorways III Teacher Training Manual on school related gender based violence prevention and response*. Tire sou: https://www.usaid.gov/sites/default/files/documents/1865/Doorways_III_Teachers_Manual.pdf nan dat 8 Oktob 2016.
- 5 Sesyon sa a se yon adaptasyon apati materyèl: IPPF. (2012). *It's all one, Book 2: Activities*, p. 173-175. Tire sou: http://www.popcouncil.org/uploads/pdfs/2011PGY_ItsAllOneActivities_en.pdf nan dat 8 Oktob 2016.
- 6 Sesyon sa a se yon adaptasyon apati materyèl: Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouwva.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •
Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre